



Etazini ak mond lan:

SS.7.CG.4.4

11 septanm 2001

Konferans No 2 Kreyòl Ayisyen

Non: _____

Dat: _____



Klarifikasyon De: Elèv yo pral dekri repons mondial a teworis apre evènman 11 septanm 2001 yo.

Aprè teworis ki soti nan rezo teworis mondial **al Qaeda** a te fè avyon ke yo te detounen yo fè aksidan nan World Trade Center a, nan Pentagòn, ak nan yon teren nan Pennsylvania nan dat 11 septanm 2001 a, Etazini ak mond lan te pran plizyè mezi an repons. Etape sa yo te gen ladan yo aksyon militè, refòm sekirite domestik, ak efò diplomatik, pami lòt.

Youn nan repons ki pi enpòtan pou evènman 9/11 yo se te kreyasyon yon **koalisyon** mondial kont teworis. Koalisyon sa a, ki fèt ak peyi ki soti toupatou nan mond lan, travay pou konbat teworis atravè glòb la. Se kowalisyon sa a ki te travay pou fè jistis reye kont al Qaeda ak lidè li, Osama bin Laden. Nan mwa Oktòb 2001, Etazini, avèk sipò kèk nan patnè kowalisyon li yo, te lanse **Operasyon Libète Dirab** epi yo te anvayi peyi Afganistan. Afghanistan te bay al Qaeda yon **kachèt an sekirite** e li te refize remèt bin Laden ak lòt lidè yo bay lajistis. Koalisyon sa a te travay ansanm tou pou eseye deranje rezo teworis yo atravè lemond pa mwayen aksyon militè, entèlijans sekrè, ak diplomasi.

Diplomasi sa a te trè konplè, e li te travay pou eseye adrese kèk nan kòz rasin teworis la gras ak èd finansye pou adrese povrete, sipòte edikasyon, epi limite ekstrèmism politik ak relije. Mezi diplomatik yo te pran tou pa peyi yo atravè lemond pou eseye koupe finansman rezo teworis yo gras ak mizan plas nouvo règleman sou bank yo epi **konjle byen** moun ki sipòte gwoup teworis yo. An menm tan an, **Konsèy Sekirite Nasyonzini** a pase rezolisyon pou sipòte batay kont teworis.

Anplis defi dirèk kont al Qaeda ak lòt rezo teworis, anpil peyi tou reponn a menas teworis mondial la gras a mizan plas nouvo mezi sekirite nan ayewopò yo. Sa gen ladan I pi bon kontwòl pasaje yo ak nouvo kondisyon kontwòl pou monte nan avyon oubyen menm pou jwenn yon lisans pou vole. Gouvènman nasyonal yo te pase tou lwa ki te ogmante siveyans sou sitwayen yo e ki te rann li pi fasil pou arete ak pouswiv teworis yo epi limite finansman yo.

Finalman, repons mondial kont teworis la apre evènman 11 septanm 2001 yo te pran plizyè fòm. Sa gen ladan I chanjman nan politik domestik ak etranje pou eseye limite finansman teworis ak amelyore sekirite, aksyon militè pou pote manm al Qaeda devan lajistis ak kraze rezo teworis yo, ak aksyon diplomatik pou devlope kowalisyon kont teworis epi travay pou limite ekstremis politik ak relije.

al Qaeda: gwoup laterè ekstremis Islamik ki responsab plizyè atak laterè mondal kont sib Lwès yo, ki gen ladan evènman 11 septanm 2001 yo

Koalisyon: yon gwoup peyi k ap travay ansanm pou yon kòz komen

Operasyon Libète Dirab: Etazini ak envazyon kowalisyon an nan Afganistan nan yon efò pou mennen Al Qaeda devan jistis epi retire Taliban yo sou pouvwa a, Te dire soti nan 2001-2021.

kachèt an sekirite: lè gouvènman yon peyi garanti sekirite oswa sekirite yon moun oswa yon gwoup

Diplomasi: travay pou kenbe bon relasyon ant gouvènman diferan peyi yo

konjle byen: bloke kapasite yon moun oswa yon gwoup pou jwenn aksè nan resous finansye yo

Konsèy Sekirite Nasyonzini a: 15 manm konsèy Nasyonzini ki gen plizyè responsabilite, tankou etabli operasyon mentyen lapè, adopte sanksyon entènasyonal yo, ak otorize aksyon militè yo.